# Fòm pou Refize Patisipe nan Règleman Aksyon Kolektif la

*Calderon et al v. Public Partnerships LLC,* Nimewo Aksyon Sivil 25-cv-02320 (FB)(LKE)
Tribinal Distri Etazini pou Distri Lès Nouyòk

**Fòm sa a ekskli w nan règleman aksyon kolektif la.**
**Pou refize patisipe, ranpli fòm sa a ki anba a epi voye l pa lapòs OSWA voye l pa imèl nan adrès yo bay la.**

Sa a se pa yon fòm reklamasyon. **Si w ranpli fòm sa a, ou p ap jwenn lajan nan ka sa a. W ap chwazi pou w pa patisipe nan aksyon kolektif la**. Sepandan, w ap kenbe dwa w pou w pouswiv pwòp pwosè w avèk pwòp avoka w sou pwòp depans ou, ki gen ladan kapasite pou w pouswiv reklamasyon dapre Lwa sou Estanda Travay Ekitab la, ki se lwa federal sou salè minimòm ak lè siplemantè. Si w eskli tèt ou nan règleman sa a, ou P AP gen dwa fè objeksyon kont apwobasyon Tribinal la pou règleman an.

**Pou w refize patisipe nan aksyon kolektif sa a, fè youn nan bagay sa yo:** ranpli fòm ki anba a epi soumèt li bay Administratè Règleman an pa lapòs ameriken OSWA voye fòm nan pa imèl.

Ou dwe siyen fòm sa a epi voye l pa pita pase 19 septanm 2026. Si w voye l pa lapòs, asire w li gen tenb lapòs ki gen dat 19 septanm 2026 pou pi ta. Ou dwe voye fòm ou an bay:

Public Partnerships Settlement
c/o Atticus Administration
PO Box 64053
St. Paul, MN 55164
PublicPartnershipsSettlement@atticusadmin.com

**RANPLI DOKIMAN SA A SÈLMAN SI W VLE EKSKLI PWÒP TÈT OU NAN RÈGLEMAN SA A. SI W SOUMÈT FÒMILÈ A EPI W RETIRE TÈT OU, OU PA PRAL RESEVWA YON PÈMAN NAN RÈGLEMAN SA A.**

**Lè w ranpli fòm sa a pou w eskli tèt ou nan règleman sa a, ou dakò e ou konfime sa ki annapre yo:** Mwen te resevwa avi sou aksyon sa a. Se desizyon mwen pou yo retire m nan règleman sa a. Mwen konprann lè mwen eskli tèt mwen, mwen p ap resevwa yon Pèman Règleman nan Règleman an.

_____ _____
*Dat* *Siyati*

_____
*Non konplè (Prenon, Dezyèm Prenon, Non Fanmi)*

_____ _____
*Adrès postal* *Vil, Eta, Kòd Postal*

_____ _____
*Nimewo telefòn* *Adrès imèl*

_____
*Dat nesans*